**दिन–सोमवार** **दिनांक–29.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभाक तेसर आ चारिम चरणक लेल चुनाव प्रचार जोर पर अछि। एनडीए आ महागठबंधनक नेता अपन–अपन उम्मीदवार सभक पक्ष मे चुनावी सभा आ रोड़ शो कऽ रहलाह अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह झंझारपुर आ बेगुसराय में एनडीए उम्मीदवारक पक्ष मे चुनावी सभा के संबोधित कएलनि। अमित शाह आइ आरोप लगौलनि जे कांग्रेस पार्टी कखनहुँ पछरल कऽ सम्मान नहि कयलक किएक तऽ इ काका साहेब कालेलकर समिति आ मंडल आयोगक रिपोर्ट के लागू नहि होबय देलक। झंझारपुर संसदीय क्षेत्रक लौकहाक नरहिया मे एनडीए प्रत्याशीक सर्मथन मे एक जनसभा के संबोधित करैत श्री शाह कहलनि जे राष्ट्रीय जनता दल कांग्रेसक संग हाथ मिला लेलक अछि। किएकतऽ राजद प्रमुख लालू प्रसाद अपन पुत्र के राज्यक मुख्यमंत्री बनबय चाहैत छथि। श्री शाह कहलनि जे इंडी गठबंधन मे संम्मिलित पार्टी परिवारवादी दल अछि जे कखनहुँ देशक भल नहि कऽ सकैत अछि। ओ जनौलनि जे इ सभ दल एक मंच पर आबि गेलाह अछि किएकतऽ भ्रष्टाचारक मामिला मे हुनक विरूद्ध कार्रवाई भऽ रहल अछि। श्री शाह कहलनि जे एनडीए सरकार मिथिलांचल के ओकर पहचान माछ, मखान आ पोखरि के संरक्षित करबा मे मददि कयलक अछि। ओ जनौलनि जे एनडीए सरकार के कार्यकाल मे मैथिली भाषा के आठम अनुसूचीक भाषाक दर्जा भेटल। एहि सँ एकर संरक्षणक काज भेल।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता कहलनि जे पूर्व मुख्यमंत्री कर्पूरी ठाकुर के भारत रत्नक सम्मान प्रदान कऽ मोदी सरकार पछड़लक सम्मान कयलक अछि। ओ जनौलनि जे नरेन्द्र मोदी के तेसर बेर प्रधानमंत्री बनब तय अछि जखनकि, इंडी गठबंधन लऽग कोनो उम्मीदवार नहि अछि। ओ बेर–बेर प्रधानमंत्री पद के बदलबाक बात कहैत छथि। श्री शाह कहलनि जे

प्रधानमंत्री जतऽ देश के आधुनिकताक दिस लऽ जाय चाहैत छथि ओतहि, राजदक लालू प्रसाद एहि के लालटेन युग मे लऽ जाय चाहैत छथि।

———————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी आई सारण, खगड़िया आ वैशाली मे महागठबंधन उम्मीदवारक पक्ष मे चुनावी सभा के संबोधित कएलनि अछि। श्री यादव छपरा मे संवाददाता सऽ गपशप मे कहलनि जे एहि बेर जनता चुनाव लड़ि रहल अछि। देशक महान जनता महागठबंधन के जीतएबाक काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे इ जनबल बनाम धनबल चुनाव अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी चारि मई के दरभंगा मे जनसभा के संबोधित करताह। श्री मोदी दरभंगा संसदीय क्षेत्र सँ भाजपा उम्मीदवार गोपाल जी ठाकुर के पक्ष मे चुनाव प्रचार करताह। चुनावक घोषणाक बाद प्रधानमंत्री के इ चारिम बिहार दौरा होयत।

———————————————————————————

पाँचम आ छठम चरणक मतदानक लेल नामांकन–पत्र भरबाक काज जारी अछि। सारण सँ रोहिणी आयार्य आ शिवहर सऽ लवली आनन्द आई नामांकन पत्र भरलनि। पूर्वी चंपारण सँ भाजपाक राधामोहन सिंह, वैशाली सऽ राजदक शिवचन्द्र राम पर्चा भरलनि। पाँचम चरणक लेल नामांकन पत्र दाखिल करबाक अंतिम तिथि तीन मई अछि।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक छठम चरणक लेल, अधिसूचना जारी होएबाक संगहि नामांकन पत्र भरबाक काज आरंभ भऽ गेल। एहि चरण मे राज्यक आठ संसीदय क्षेत्र वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज मे पच्चीस मई के मतदान होयत। नामांकन पत्र जमा करबाक अंतिम तिथि छओ मई अछि। नामांकन पत्रक जाँच सात मई के होयत।

———————————————————————————

लोकसभा चुनावक चारिम चरणक लेल दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसरारय आ मूंगेर संसीदय क्षेत्र में नाम वापसीक आइ अंतिम दिन अछि। एहि संसीदय क्षेत्र मे चौरासी उम्मीदवार नामांकन पत्र दाखिल कएने छलाह। एहि मे छप्पन उम्मीदवार के नामांकन पत्र वैध

पाओल गेल जखन कि अट्ठाईस उम्मीदवारक नामांकन पत्र रद्द कऽ देल गेल। एहि चरण मतदान तेरह मई के होयत।

———————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग भीषण गर्मी आ लू के चपेट मे अछि। मौसम विभाग पिछला चौबीस घंटाक दरमियान औरंगाबाद, दरभंगा, मोतिहारी, शेखपुरा, जमुई, बांका, गोपालगंज आ खगड़िया जिला मे किछु स्थान पर लू के लऽ कऽ ऑरेंज अलर्टक संग शेष स्थान पर येलो अलर्ट जारी कएलक अछि। विभाग जनौलक जे दू मई धरि भीषण गर्मी सऽ राहतक आसार नहि अछि। विभाग अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान दक्षिण बिहारक अधिकतर भाग मे तापमान बियालीस सऽ अड़तालीस डिग्रीक मध्य रहबाक पूर्वानुमान जतौलक संगहि एहि दरमियान लोक सभ सँ सतर्कता बरतबाक अपील कएलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।